mádeniyat kontekstinde jasaydi. Onıń ushın bul kontekst “ekinshi waqıyalıq” sanaladı. Sol insan tárepinen jaratılǵan hám onıń ushın biliw obyektigne aylanǵan tábiyat shetinen úyreniledi, mádeniyat bolsada ishinen ıqtıyarsız refleks sebepli kórsetiledi. V.N.Teliya tiykar salǵan lingvomádeniyattanıwshılıq mektebi Rossiya hám shet ellerde frazeologizmlerdi lingvomádeniyattı analiz etiw Moskva mektibiniń atı menen tanılǵan. Tildiń áhmiyetin janlı til iyeleriniń refleksiyası kózqarasınan, yaǵnıy mádeniy semantikanı til hám mádeniyat subyekti arqalı úyrenedi. V.N.Teliya til birlikleriniń milliy-mádeniy analiz usılı – ishki gúzetiwshiniń kózqarasınan, til “ishinen” tekseriwin usınıs etedi. Rossiya xalıqlar doslıǵı universitetinde V.V.Vorobev, V.M.Shaklein hám basqalar tárepinen jaratılǵan Iingvomádeniyattanıwshılıq mektebi. Bul mektep wákilleri E.M Vereshchagin hám V.Kostomarovlar koncepciyasın rawajlandıradı. Bul jónelis ekvivalenti boImaǵan til birlikleri jumsaq mádeniytqa ǵana tán, spetsifikalıq, kumulativ sóylesiwdiń ańında bar sózlerdi úyrenedi.

## Ádebiyatlar


1. Верещагин Е.М., Костомаров В. Г. Лингвострановедческая теория слова. — М.: 1980.
2. Воробьев В.В. Лингвокультурология (Теория и методы). — М.: 1997.
3. Звегинцев В.А. Хрестоматия по истории языкознания X1X-XX веков. М.: 1956
4. Хрестоматия по истории языкознания X1X-XX веков. Составитель В.А.Звегинцев. М.: 1956.



**РЕЗЮМЕ.** Bu maqolada yozuvning paydo boʻlishi va taraqqiyoti **jamiyat** rivoji, shuningdek, muayyan masofadagi kishilarning oʻzaro **aloqa** qilish ehtiyoji, siyosiy, huquqiy, diniy va estetik xarakterdagi axborotlarni qayd etishi va Oʻrta Osiyodagi xalqlar turli yozuvlardan foydalanib kelganligi haqida soʻz boradi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье В этой статье рассматриваются возникновение и развитие письменности, развитие общества, а также потребность людей на расстоянии друг от друга общаться, фиксировать информацию политического, правового, религиозного и эстетического характера, а также то, как народы Центральной Азии использовали различные виды письменности.

**SUMMARY.** In this article, the emergence and development of writing, the development of society, as well as the need for people to communicate at a distance from each other, to record information of a political, legal, religious and aesthetic nature, as well as how the peoples of Central Asia used different types of writing.


# HÚJJET HÁM HÚJJETLERDI SAQLAWDÍŃ ÁHMIYETI


**M.B. Xudaybergenova –** «*Kitapxana iskerligi» kafedrası baslıǵı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*



**Tayanısh sózler:** hújjet, hújjettanıwshılıq, iskerlik, saqlaw, maǵlıwmat, kitap, fond.
**Ключевые слова:** документ, документация, деятельность, хранение, информация, книга, фонд.
**Key words:** document, documentation, activity, storage, information, book, fund.


Hújjet ne hám ol qanday jaǵdayda saqlansa uzaq waqıt dawamında saqlanadı sıyaqlı sorawlarǵa juwap izleymiz. Hújjet keń mániste maǵlıwmatlar belgilengen materiallıq buyımlar (qaǵaz, kinoplyonka, fotoplyonka, magnitofon lentası, perfokarta hám t.b.). Hújjetler tekst, súwret, dawıs hám basqa elementlerden ibarat bolıwı múmkin.

Mazmunına kóre, hújjet ilimiy-texnika hújjetleri (maqalalar, kitaplar, patentler, sızılmalar, kesteler hám t.b.), huqıqıy hújjetler (qararlar, pármanlar, shártnamalar hám t.b.), basqarıw hújjetleri (buyrıqlar, kórsetpeler, qararlar hám t.b.)ǵa bólinedi. Qáliplesiw dáregine bola, baslanǵısh hám ekilemshi (referatlar, annotaciyalar hám t.b.) esaplanadı. Hújjetler óz-ara parıqlanadı. Mısalı mekemeniń hújjetler kompleksi, ádette, kiris, shıǵıw hám ishki (xızmette paydalanıw ushın) hújjetlerine bólinedi. Yamasa, bank shólkeminiń hújjetleri ishindegi

klientler bankke usınıs etetuǵın hújjetler: tólem tapsırmaları, shek hám basqa kiris hújjetleri; bank qatnasıwında rásmiylestiriletuǵın hám klientlerge beriletuǵın hújjetler shıǵıw hújjetleri esaplanadı.

Kitapxanalarda bolsa bul kitap oqıwshıları ushın paydalanılatuǵın hújjetten tartıp, kitapxanalardaǵı úlken áhmiyetke iye derekler kompleksindegi hújjetler esaplanadı. Tiykarınan, hújjet sózi grek tilinen alınǵan bolıp, «oqıtaman», «úyretemen» sıyaqlı mánislerdi ańlatadı [1:4].

Hújjettanıwshılıq páni bolsa, atınan málim bolǵanı sıyaqlı hújjetler haqqında teoriyalıq, ámeliy bilimlerdi beredi. Hújjettanıwshılıq páni kitapxana iskerligine tiyisli pánler menen tıǵız baylanısta úyreniledi. Hújjettanıwshılıq páni arxivtanıwshılıq, arxeografiya menen jaqın basqa pánler (baslanǵısh materiallar fondı) menen qosıp úyrenilse pútin bir sistema jaratılıwı múmkin. Sebebi, hújjetler jıyındısın qáliplestiriwde keń qamtılǵan máseleler júzege keledi. Sonı atap ótiw kerek, hújjetlerdi jıynaw, mámleket esabına alıw, saqlaw hám olardan paydalanıw tártibi tuwrısındaǵı normativ-huqıqıy hújjetlerdi tayarlaw birqansha quramalı process bolıp tabıladı.

Sociallıq informaciyanı hújjetlestiriw informaciya hádiysesiniń ayrıqsha ózgeshelikleri bolıp, onı insanlar arasında uzatıw mexanizmi tiykarında ámelge asırılatuǵın process desek te boladı. Hújjet tábiyiy tosıqlardı – mákan hám waqıttı jeńip ótiwdiń arnawlı quralı bolıp xızmet etedi, adamlardıń social tájiriybesin toplaw, uzatıw, saqlaw hám kóbeytiw imkániyatın beredi. [2:25]

Saqlaw – hújjetlerdi aqılǵa muwapıq jaylastırıw hám olardan paydalanıw ushın uzaq múddetli qáwipsizlikti támiyinleytuǵın ilajlar kompleksi. Saqlaw tómendegilerdi óz ishine aladı: hújjetlerdi jaylastırıw ushın jay hám úskenelerdi tayarlaw, olardı kiyim shkaflarına jaylastırıw, optimal fizikalıq, ximiyalıq hám biologiyalıq rejim jaratıw. Fizikalıq, ximiyalıq hám biologiyalıq rejim degende hújjetlerdi optimal saqlaw sharayatların jaratıw hám saqlaw jolı menen zıyanlanıwdan saqlaw túsiniledi, yaǵnıy optimal jaqtılandırıw, tikkeley quyash nurınan shegaralaw, zárúr temperatura hám ıǵallıqtı saqlaw, shańǵa qarsı ilajlar kompleksin ótkeriw, órt qáwipsizligin támiyinlew, biologiyalıq zıyankeslerden qorǵaw.

Hújjetler qayda saqlansa maqsetke muwapıq boladı? Hújjetlerdi saqlaw ushın arnawlı mákemeler hám shólkemler bar. Yaǵnıy mámleket ıqtıyarındaǵı hám mámleketlik emes kommerciyalıq emes shólkemler. Tiykarǵı tariyxıy hám ilimiy áhmiyetke iye hújjetlerdi saqlawshı mámleket shólkemi bul – mámleket arxivi esaplanıp, ol hújjetlerdi jıynaw, esabın aparıw, saqlaw hám olardan paydalanıwdı shólkemlestiriw, sonıń menen birge ilimiy-izertlew (ayırım taypadaǵı mámleket arxivları ushın) jumısların alıp baratuǵın shólkem esaplanadı. Mámleket arxivleri mámleket hákimiyatı hám basqarıw shólkemleri, mámleket kárxanaları, mákemeleri hám shólkemleriniń iskerligi procesinde payda bolǵan hújjetlerden, sonıń menen birge olar tárepinen qolǵa kiritilgen yamasa olarǵa basqa yuridikalıq hám fizikalıq shaxslar tapsırǵan hújjetlerden ibarat boladı.

Ózbekstan Respublikası Milliy arxiv fondı Ózbekstan aymaǵında jaylasqan arxiv fondları hám arxivhújjetlerin, olardıń qáliplesiw dáregi, ǵalaba xabar quralları túri, saqlaw jayı hám múlkshilik formasına qaramastan, óz ishine aladı. Hújjetlerdi Ózbekstan Milliy arxiv fondına kirgiziw Ózbekstan Mámleketlik arxiv xızmeti tárepinen belgilengen tártipte olardıń tekseriwi tiykarında ámelge asırıladı. Hújjetler arxivlerde, kitapxanalarda, muzeylerde, ilimiy-texnikalıq informaciya oraylarında, óz aldına kárxana hám shólkemlerde saqlanadı.

Arnawlı tariyxıy hám mádeniy áhmiyetke iye bolǵan hújjetlerdi turaqlı (uǵımsız) saqlaw hám arnawlı bir waqıt penen sheklengen waqtınshalıq saqlaw bolıp, onnan keyin hújjetler joq etiledi. Hújjetlerdi joq etiw zárúrligi sheklengen jay, olardıń quramınıń tozıwı hám materiallıq tasıwshınıń tozıwı menen belgilenedi, bul onıń joqarı sapalı isletiliwine múmkinshilik bermeydi. Arxiv hám kitapxana iskerliginde bul processti ápiwayılastırıw maqsetinde hújjettiń mánisin jáne onıń anıq túrleriniń jaramlılıq múddetin (3 jıldan 75 jılǵa shekem) belgileytuǵın kriteriyalar qáliplestiredi.

Hújjetlerdiń arnawlı saqlanıw múddetleri hám dizimi boladı. Hújjetlerdi saqlaw múddetleri kórsetilgen úlgili dizim bolıp, ol “Ózarxiv” agentligi tárepinen islep shıǵılatuǵın hám tastıyıqlanatuǵın, tarmaq dizimlerin islep shıǵıw ushın tiykar bolıp xızmet etiwshi, hújjetlerdiń saqlaw múddetleri kórsetilgen úlgili dizim esaplanadı. Hújjetlerdi saqlaw múddetleri kórsetilgen tarmaq dizimi hújjetlerdiń úlgili dizimi tiykarında tarmaq basqarıw shólkemleri tárepinen islep shıǵılatuǵın hújjetlerdiń saqlaw múddetleri kórsetilgen dizim bolıp tabıladı. [3:45] Hárbir tariyxıy áhmiyetke iye bolǵan hújjetlerdiń saqlanıw zárúrligi dáwir hám sociallıq sistemanıń mútajliklerinen kelip shıqqan halda qáliplesken. Mısalı kitaptı alaylıq. Kitap baylıǵın saqlaw jáhánnıń barlıq xalıqları ushın úlken sociallıq-mádeniy áhmiyetke iye. 1954-jılda YUNESKO baslaması menen Gaaga qalasında shıǵarılǵan húkimetler aralıq konferenciya mádeniy baylıqtı

asıraw boyınsha konvenciya qabılladı. Áne sol konvenciyaǵa muwapıq basqa mádeniy baylıqlar qatarı kitapxana fondları da olardı joǵaltıp jiberiw yamasa qandayda bir formada nızamsız ózlestiriw qáwipi tuwılǵan jaǵdaylarda xalıqaralıq qorǵawǵa alınadı. Fondlardıń tolıqlıǵına olardı asıraw, tuwrı saqlaw hám de zaqım alıw faktorların jónge salıw arqalı erisiledi.

Fondtı asıraw degende, kitapxana fondları profilaktikası hám de onıń tolıqlıǵınıń qáwipsizligine tiyisli ilajlar kompleksi túsiniledi. Usı tarawda tómendegishe túsinik bar.

Tuwrı saqlaw – bul fondtı qolaylı fizikalıq-ximiyalıq sharayatlar hám biologiyalıq rejimde arnawlı úskenelestirilgen imaratta asıraw bolıp esaplanadı. 1962-jılı barlıq kitapxanalar ushın májbúriy bolǵan "Kitap fondlarınıń saqlanıwı haqqında jollama» qabıllandı.

Yaǵnıy, saqlaw óz gezeginde tuwrı jolǵa qoyılıwı shárt. Endi biz hújjetlerdi saqlawda kóbirek zamanagóy informacion-kommunikaciya texnologiyalarınan paydalanıw kerekligi haqqındaǵı ideyanı alǵa súremiz. Sebebi, hújjetlerdi jıynaw, saqlaw, remontlaw, zálel jetkizbewden saqlaw házirgi kúnde aktual máselelerden biri. Ásirese, túp hújjetlerden nusqa kóshiriw, olardan paydalanıw hám qorǵawdıń nátiyjeli sisteması ámeliyatqa engiziw procesinde qánigelerdiń jetispew-shiligine gúwa bolamız. Mısalı, hújjetlerdi saqlawshı arxiv mákemelerinde úskeneler hám basqa zárúr materiallarǵa bolǵan mútajlikler menen birge qánigeler de kem. Juwmaqlap sonı atap ótiw kerek, hújjetlerdi saqlawda birinshi náwbette zárúr múmkinshilikler menen birge kadrlar máselesin da kórip shıǵıwımız kerek. Bul tarawdıń kitapxana iskerliginde úyreniledi. Kitapxana iskerliginde oqıp atırǵan studentlerdiń arnawlı grantlar yamasa sheriklikler arqalı mamanlıǵın asırıw, ásirese rawajlanǵan mámleketlerde tarawdıń tájiriybesin úyrenip, ámeliyatqa nátiyjeni ámelde qollaw kúnniń eń aktual hám áhmiyetke iye máselerinen biri bolıp tabıladı.

### Ádebiyatlar

1. Rahimov M., Shamsiev Sh. Hujjatshunoslik. A.Qodiriy nomidagi ToshDMI bosmaxonasi. – T.:2008. – 156 b.
2. А. И. Земсков, Я. Л. Шрайберг. Электронные библиотеки. – Москва : Либерия, 2003. – 351 с.
3. Saburov N. Arxiv ishi: me'yoriy-huquqiy hujjatlar va ma'lumotlar to'plami. – T.: O'zR MDA, 2017. – 160 b.
Э. Йўлдошев., М. Раҳимова., «Ҳужжат фондлари». Тошкент – 2.14. 150

**REZYUME.** Bul maqalada hújjet túsinigi haqqında kásibiy iskerlik tárepinen hár tárepleme túsinikler berilgen. Hújjetlerdi saqlawdıń áhmiyeti haqqında pikir júritilgen.

**РЕЗЮМЕ.** Эта статья дает всестороннее понимание концепции документа с точки зрения профессиональной деятельности. Обсуждалась важность хранения документов.

**SUMMARY.** This article provides a comprehensive understanding of the concept of document in terms of professional activities. The importance of document storage was discussed.

## MADANIYAT MARKAZLARINI BOSHQARISHDA ZAMONAVIY USLUBLARDAN FOYDALANISH

**Orazbaeva Dilnaz Dawletbay qızı** - *magistr*
*O'zbekiston davlat san'at va madaniyat instituti Nukus filiali*

**Tayanch so'zlar:** madaniyat markazlari, madaniyat sohasini boshqaruv, rahbar, motivaciya, reja, zamonaviy uslub, milliy madaniyat, faoliyat, xodim.

**Ключевые слова:** кулътурние центр, управление сферой культуры, лидер, мотиватор, план, современный слилъ, активность, сотрудник.

**Key words:** cultural centrs, cultural management, leader, motivation, plan, modern style, activity, employee.

Songi yillarda mamlakatimizda amalga oshirilayotgan islohatlar, milliy madaniyatnı yanada rivojlantirish, Yangi O'zbekistonning yangi tarixini yaratish moddiy va nomoddiy madaniy meroslarimizni asrab-abaylash va yoshlar qalbida milliy madaniyatimizga bo'lgan hurmatini yanada oshirish, xalıq orasida targ'ib qilish borasida ko'plab ishlar olib borilmoqta. Xususan madaniyat sohasiga katta itibor berilib, bu sohaning rivojlanishiga yo'l oshib beryapti va shuning bilan birga sohaning boshqarish tizimiga katta masulyat ham yuklanmoqta desam xato